

Lè de (2) manm fanmi ap akize youn lòt pou yon deli ki fèt sou fanmi an, (sa rele **kont-plant**), lapolis dwe fè efò pou idantifye epi arete **premye agresè fizik la** apre li fin konsidere blesi konparatif yo, nenpòt menas ki fèt, istwa manm fanmi yo, epi si chak moun t ap aji avèk defans pou pwoteje yo kont blesi.

KISA MWEN TA DWE FÈ APRE OFISYE LAPOLIS FIN ALE?

- Kontakte oswa espere kontak yon Ofisyè Prekansyon Vyolans nan Kay ki nan zòn sèvis lapolis nan lojman/akantou ou. DVPO ap ede ou devlope yon plan sekirite ki adapte pou bezwen ou.
- Toujou chèche jwenn swen medikal pou blesi yo.
- Anvizaje si yon papyè entèdiksyon ka itil ou.
- Rele nan nimewo ki nan tiliv enfòmasyon sa a pou jwenn èd.
- Konsève yon kopi rapò sou vyolans nan kay la ak lò dokiman yo yon kote ki ansekirite.

SONJE:
OU PA LA POU REPWÒCH
epi
OU PA POUKONT OU!

***OFISYE PREVANSYON
VYOLANS NAN KAY OU SE:***

Grad _____ Non _____ Kòmmanman _____

Nimewo Telefòn: _____

Pou Lòt Asistans ak Resous:

Lapolis Ijans Rele911

Sèvis Enfòmasyon Vil Nouyòk311

Liy Dirèk 24 èdtan pa jou vil Nouyòk pou zafè Vyolans nan Kay

1-800-621-HOPE (4673)

1-800-810-7444

(Pou moun ki gen pwoblèm pou tandè)

Liy Dirèk 24 sou 24 Eta Nouyòk pou Zafè Vyolans nan Kay

Angle: 1-800-942-6906

Panyòl: 1-800-942-6908

Liy Dirèk 24 sou 24 Eta Nouyòk pou Abi sou Timoun

1-800-342-3720

Wèbsayt NYPD<http://www.nyc.gov/nypd>

Tribinal pou Krim ak Zafè Fanmi

BrooklynTribinal Kriminèl - (718) 643-4044

Tribinal pou Zafè Fanmi

- (718) 643-2650

BronxTribinal Kriminèl - (718) 590-2000

Tribinal pou Zafè Fanmi

- (718) 590-3319

ManhattanTribinal Kriminèl - (212) 374-4985

Tribinal pou Zafè Fanmi

- (212) 386-5170

QueensTribinal Kriminèl - (718) 520-3469

Tribinal pou Zafè Fanmi

- (718) 298-0197

Staten Island ...Tribinal Kriminèl - (718) 390-8400

Tribinal pou Zafè Fanmi

- (718) 390-5460

VINE

Notifikasyon Enfòmasyon sou Viktim Chak Jou

1-888-VINE-4-NY

VINE se yon liy dirèk otomatik 24 sou 24 ki fè viktim yo konnen dat liberasyon prizonye ki te nan gadavi nan vil Nouyòk oswa nan sistèm prizon Depatman Koreksyon Leta.

Depatman Lapolis Vil Nouyòk pa gen pou chèche konnen kondisyon imigrasyon moun ki viktim nan krim, temwen oswa lòt moun ki rele oswa ki pwoche lapolis pou chèche sekou. – Lòd Egzekitif Nimewo 41 Majistra N



KOUMAN LAPOLIS KA EDE



Michael R. Bloomberg
Majistra

Raymond W. Kelly
Komisyon Lapolis

RELE "911" POU IJANS

Vyolans nan Kay — Ou pa Poukont Ou

ÈSKE PATNÈ OU...

- frape ou, ba ou kout pwen, ba ou koutpye, pouse oswa mòde ou?
- toujou ap kritike ou ak ladrès ou genyen kòm yon konjwen, patnè oswa paran?
- konpòte li tankou li se mèt ou oswa li vin trè jalou?
- menase pou frape ou menm, pitit ou, bèt domestik ou, manm fanmi ou, zanmi ou oswa pwòp tèt li?
- pa vle ou wè manm fanmi ou oswa zanmi ou?
- fache sanzatan oswa ankòlè sanzatan?
- detwi byen pèsònèl ou oswa jete zafè ou?
- refize ou gen aksè nan byen fanmi ou tankou kont labank, kat kredi oswa oto?
- kontwole tout lajan ou epi fòse ou bay eksplikasyon sou tout depans ou fè?
- entimide oswa manipile ou pou kontwole ou oswa pitit ou yo?
- pa vle ou ale kote ou vle ak lè ou vle?
- refize ou manje, bwè, dòmi, pran medikaman oswa resevwa swen medikal?
- fòse ou fè sèks kont volonte ou?
- anpeche ou jwenn oswa konsève yon djòb oswa anpeche ou ale lekòl?
- imilye ou oswa anbarase ou devan lòt moun?

Si ou reponn “wi” pou nenpòt nan kesyon sa yo, ou ka yon viktim vyolans nan kay. Ou pa poukont ou. Ou merite èd, epi gen èd ki disponib. **NYPD ap ede ou.**

KISA LAPOLIS KA FÈ POU MWEN?

Lapolis ka ede ou menm ak fanmi ou, men yo bezwen pou bay enfòmasyon. Li enpòtan pou fè lapolis konnen tout sa ou kapab konsènan sa ki pase epi si sa ki te pase anvan. Li enpòtan tou pou fè lapolis konnen si ou gen laperèz oswa si w ap soufri, menm si ou pa gen blesi ki montre sa. Lapolis ap bezwen konnen tout enfòmasyon ki posib pou ede kenbe fanmi an ansekirite epi san vyolans.

Lapolis ka ede ou:

- jwenn yon kote ansekirite ki lwen vyolans lan tankou yon **Refij ak/oswa yon Kay ki ansekirite.**
- jwenn epi aplike yon **Papye Entèdiksyon** (yon dokiman tribinal) k ap òdone moun ki fè vyolans sou ou a pou li sispann frape oswa menase ou oswa pou li rete lwen ou menm ak pitit ou yo.
- jwenn swen medikal, konsèy legal, asistans nan sèvis sosyal, transfè nan lojman pou ijans, entè-vansyon kriz ak sipò nan èd siko-sosyal pou ou menm ak pitit ou yo. Yo ofri sèvis sa yo atravè yon rezo founisè dirèk nan tout vil la.
- fè aranjman pou ofisye prevansyon krim nan zòn sèvis lapolis nan lojman/sikonskripsyon a mennen yon ankèt sou sekirite ou pou li ka prezante bezwen sekirite imedyat ou, epitou pou fè aranjman pou chanje seri pòt yo gratis.
- pale avèk Ofisye Prevansyon Vyolans nan Kay nan zòn sèvis lapolis nan lojman/sikonskripsyon a (DVPO) k ap travay avèk ou ak manm fanmi ou pou ede ou viv an sekirite ak ansante.
- devlope yon plan sekirite epi ba ou konsèy pou amelyore sekirite a lakay ou, nan travay ou epi pandan deplasman ou fè toulejou.

SA MWEN TA DWE ESPERE

LÈ LAPOLIS RIVE?

Lè ou rele lapolis, yo gen obligasyon pou yo mennen yon ankèt menm si, ou menm ki viktim nan pa mande sèvis yo. Pou ede ou menm ak fanmi ou, lapolis dwe fè antrevi ak ou, moun ki fè vyolans sou ou a ak lòt moun ki ka wè oswa tande ensidan an. Lè sa posib, y ap poze ou kesyon lwen moun ki fè vyolans sou ou a. Yo fè sa pou ou ka pale libelibè sou ensidan an san entimidasyon.

Lapolis ap prepare yon rapò ensidan an epi l ap mande ou pou ou ekri ak siyen yon deklarasyon sou sa ki pase a. Rapò sa a rele *Domestic Incident Report* (DIR) (Rapò Ensidan Vyolans nan Kay). Dèyè do paj DIR la gen enfòmasyon ki ka ede ou deside fason pou fè ak kote pou jwenn sèvis yo. W ap resevwa yon kopi DIR la.

Lapolis ka mande tou pou wè epi fè foto blesi ou ak/oswa domaj byen ou yo ki asosye avèk vyolans nan kay la.

Gen yon lwa obligatwa pou fè arestasyon nan Eta Nouyòk lè lapolis gen rezon posib pou kwè gen yon **KRIM** ki te fèt. Lapolis DWE arete moun ki fè vyolans lan si ou menm ak moun nan se manm menm fanmi an/kay la epi:

- yon krim te fèt, oswa
- yon Papye Entèdiksyon te vyole, oswa
- yon deli te fèt sou fanmi an (sof si viktim nan pa mande sa).